

DOKIMAN BRIGHT FUTURES ► PARAN

VIZIT 6 MWA

Men kèk lide ekspè Bright Futures yo genyen ki ka gen anpil valè pou fanmi ou.

✓ KIJAN FANMI OU YE

- Si ou gen pwoblem kay oswa pwoblem mange, pale ak nou. Ajans kominotè ak pwogram tankou WIC ak SNAP ka bay enfòmasyon ak asistans tou.
- Pa fimen ni itilize sigarèt elektwonik. Kenbe kay ou ak machin ou san lafimen. Espas san tabak kenbe timoun yo an sante.
- Pa konsome alkòl oswa dwòg.
- Chwazi yon gadyen ki gen matirite, ki resevwa fòmasyon, ak responsab oswa moun kap bay swen.
- Poze nou kesyon sou pwogram gadri yo.
- Pale avèk nou oswa rele pou èd si ou santi ou tris oswa trè fatige pou plis pase kèk jou.
- Pase tan ak fanmi ak zanmi.

✓ DEVLOPMAN TIBEBE W LA

- Mete tibebe w la pou li chita epi li ka gade toutotou.
- Pale ak tibebe w la lè ou kopye son li fè yo.
- Gade epi li liv ansanm.
- Jwe jwèt tankou peekaboo, patty-cake, ak gwo konsa.
- Pa kite televizyon an lumen nan chanm lan nan oswa itilize yon televizyon oswa lòt medya dijital pou kalme tibebe w la.
- Si tibebe w la rechiya, ba li jwèt san danje pou kenbe l epi mete l nan bouch li. Asire w ke li ap resevwa ti dòmi regilye ak tan pou jwèt.

✓ NOURI TIBEBE OU

- Konnen ke kwasans tibebe w la pral ralanti.
- Fyè de tèt ou si ou toujou ap bay tete. Kontinye osi lontan ke ou menm ak tibebe w la vle.
- Sèvi ak yon let an bwat pou bebe ranfòse ak fè si ou nourri l ak let an bwat pou bebe.
- Kòmanse nourri tibebe ou manje solid lè li pare.
- Chèche siy tibebe w la pare pou manje solid. Li pral
 - Louvri bouch li pou kiyè an.
 - Chita ak sipò.
 - Montre bon kontwòl tèt ak kou.
 - Enterese nan manje ou manje.

Kòmanse nouvo manje

- Prezante yon nouvo manje alafwa.
- Sèvi ak manje ki gen bon sous fè ak zenk, tankou
 - Sereyal fòtifye avèk fè ak zenk
 - Pire vyann wouj, tankou vyann bèf oswa ti mouton
- Prezante fwi ak legim apre tibebe w la fin manje ak sereyal fòtifye avèk fè ak zenk oswa vyann pire.
- Ofri manje solid 2 a 3 fwa chak jou; kite l decide konbyen pou l manje.
- Evite siwo myèl kri oswa gwo moso manje ki ka lakòz toufe.
- Konsidere entwodwi tout lòt manje, ki gen ladan ze ak manba, paske rechèch montre yo ka anfèt anpeche alèji manje endividyèl yo.
- Pou anpeche toufe, bay tibebe w la sèlman ti bouche manje dwèt trè mou.
- Lave fwi ak legim anvan ou sèvi.
- Prezante tibebe w la yon tas ak dlo, lèt tete, oswa let an bwat pou bebe.
- Pou evite nourri tibebe w la twòp manje; swiv siy ke vant tibebe a plen, tankou
 - Panche tounen
 - Vire lwen
- Pa fòse tibebe w la manje oswa fini manje.
 - Sa ka pran 10 a 15 fwa pou ofri tibebe w yon kalite manje pou l eseye anvan li renmen li.

Resous itil: Liy pou Kite Fimen: 800-784-8669 | Liy Èd pou Pwazon: 800-222-1222

Enfòmasyon Sou Syèj Sekirite Machin: www.safercar.gov/parents | Liy Dirèk san frè sou Sekirite Oto: 888-327-4236

VIZIT 6 MWA—PARAN



DAN AN SANTE

- Poze nou kesyon sou bezwen pou fliyò.
- Netwaye jansiv ak dan yo (le pli vit ke ou wè premye dan an) 2 fwa pa jou avèk yon moso twal mou oswa bwòs dan mou ak yon ti kras dantifris fliyò (pa plis pase yon grenn diri).
- Pa bay tibebe w la yon bibwon nan bèso a. Pa janm soutni boutèy la.
- Pa sèvi ak manje oswa ji ke tibebe ou souse soti nan yon sak.
- Pa pataje kiyè oswa netwaye sison nan bouch ou.

KISA POU KAP VINI NAN VIZIT 9 MWA TIMOUN OU AN

Nou pral pale avèk ou sou:

- Pran swen tibebe w la, fanmi ou, ak tèt ou
- Anseye ak jwe ak tibebe w la
- Disipline tibebe w la
- Entwodwi nouvo manje ak etabli yon woutin
- Ki jan pou kenbe tibebe a an sekirite lakay ou ak nan machin



SEKIRITE

- Sèvi ak yon chèz bebe ki vire gade dèyè sou chèz dèyè a nan tout machin.
- Pa janm mete tibebe w la sou chèz devan yon machin ki gen yon èbag pasaje.
- Si tibebe w la rive nan wotè/pwa maksimòm ki pèmèt ak chèz dèyè machin ou sèlman, ou ka itilize yon chèz ki ka konvèti ki apwouve oswa 3-nan-1 nan pozisyon oryante dèyè.
- Mete tibebe w la dòmi sou do l.
- Chwazi bèso ak planch pa plis pase 2³/₈ pous apa.
 - Bese matla bèso a nè.
- Pa sèvi ak yon bèso ak bò ki ka bese.
- Pa mete objè mou ak atik kabann ki lach tankou dra, zòrye, kousinen pwoteksyon, ak jwèt nan bèso a.
- Si ou chwazi itilize yon bèso ak filè, achte youn ki fèt apre 28 fevriye 2013.
- Fè yon kontwòl sekirite lakay ou (pòt eskalye, baryè alantou aparèy chofaj espas yo, ak plòg elektrik ki kouvri).
- Pa kite tibebe w la pou kont li nan basen an, tou pre dlo, oswa nan kote ki wo tankou tab chanje, kabann, ak sofa.
- Kenbe pwazon, medikaman, ak pwodui netwayaj fèmèn nan kote tibebe w la pa ka wè ak rive.
- Mete nimewo liy Pwazon Èd la nan tout telefòn, tankou telefòn seliè. Rele nou si ou enkyete tibebe w la vale yon bagay danjere.
- Kenbe tibebe w la nan yon chèz wo oswa yon pak pandan ke ou nan kwizin nan.
- Pa sèvi avèk yon machè tibebe.
- Kenbe ti objè, kòd, ak balon an latèks lwen tibebe w la.
- Kenbe tibebe w la lwen solèy la. Lè ou soti, mete yon chapo sou tibebe w la epi aplike krèm pwotèj kont solèy ak SPF 15 oswa pi wo sou po ekspozè li.

Bagay ki konsistan ak *Bright Futures: Guidelines for Health Supervision of Infants, Children, and Adolescents, 4th Edition*

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan <https://brightfutures.aap.org>.

American Academy of Pediatrics

DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®



Enfòmasyon ki nan dokiman sa a pa dwe itilize kòm yon ranplasan pou swen medikal ak konsèy pedyat ou. Ka gen varyasyon nan tretman ke pedyat ou ka rekòmande ki baze sou reyalyite ak sikonstans endividyèl. Dokiman orijinal enkli kòm yon pati nan *Bright Futures Tool and Resource Kit, 2nd Edition*.

Enklizyon nan dokiman sa a pa vle di yon andòsman de American Academy of Pediatrics (AAP). AAP pa responsab pou kontni resous ki masyone nan dokiman sa a. Adrès sit entènèt ki pibliye yo aktyèl, men yo ka chanje a nenpòt ki lè.

American Academy of Pediatrics (AAP) pa revize oswa andose okenn modifikasyon ki fèt nan dokiman sa a epi nan okenn ka AAP a pa dwe responsab pou nenpòt ki chanjman sa yo.

Tradiksyon sa a te posib gras ak gwo sipò manm yo, anplwaye yo, ak biznis ki fè don pou AAP Friends of Children Fund.

Haitian Creole translation of *Bright Futures Parent Handout: 6 Month Visit*. © 2019 American Academy of Pediatrics.

© 2022 American Academy of Pediatrics. Tout dwa rezève a otè a.